

ANSENT EPI VIV NAN YON ZÒN KI GEN ZIKA?



Sa nou konnen sou Zika

- Yon fanm ansent kapab bay ti bebe ki nan vant li a viris Zika a.
- Enfeksyon Zika pandan gwosès ka lakòz sèten domaj lè ti bebe a fèt.
- Zika gaye plis lè espès marengwen ki rele *Aedes* la ki enfekte (*Ae. aegypti* and *Ae. albopictus*) la mode moun.
 - » Pwoteje tèt ou ak fanmi w pou moustik pa mòde nou tout lajounen ak tout lannwit, menm si ou anndan oswa deyò.
- Pa gen vaksen pou anpeche oswa medikaman pout trete Zika.
- Yon moun kapab pran Zika si moun li nan relasyon seksyèl ak li genyen Zika.



Sa nou pa konnen konsènan Zika


- Kilè pandan gwosès la Zika ta kapab domaje timoun ki nan vant la.
- Ki chans ki genyen pou enfeksyon Zika ap afekte gwosès ou.
- Si ti bebe a ap domaje lè li fet akòz enfeksyon an.

Sentom Zika yo

Majorite moun ki gen Zika p ap menm konnen yo genyen li. Maladi a anjeneral pa twò grav epi sentòm yo ki rete pou plizyè jou jiska yon semèn.

Sentòm Zika ki pi komen yo se

- Lafyè
- Gratèl
- Doulè nan jwenti
- Zye wouj



U.S. Department of Health and Human Services
Centers for Disease Control and Prevention

CDC rekòmande prekosyon espesyal pou fanm ansent ak fanm k ap eseye ansent

Èske ou ansent?

Fanm ansent ak patnè yo ta dwe swiv etap prevansyon yo avèk anpil atansyon pou anpeche moustik mòde yo.

Oubyen itilize kapòt yo jan pou itilize yo chak fwa w ap fè sèks pandan gwosès ou, oswa pa fè sèks ditou.

Si ou devlope sentòm Zika yo, ale wè yon moun ki bay swen sante touswit pou yo fè tès pou ou.

Fanm ansent ki abite nan oswa vwayaje souvan nan yon zòn ki gen Zika epi ki pa gen sentòm ta sipoze fè tès nan premye ak nan dezyèm trimès gwosès la.

Èske w ap eseye ansent?

Fanm k ap eseye ansent ak patnè yo ta dwe swiv etap prevansyon yo avèk anpil atansyon pou anpeche marengwen yo mòde yo.

Pale ak moun ki ba ou swen sante sou plan pou vin ansent.



Pi Bon Pwoteksyon ou: Pa Kite Marengwen Mòde ou

Rad

- Mete chemiz manch long avèk pantalon long.
- Lave rad ak lot materyèl avèk permethrin oswa achte bagay ki trete avèk permethrin.
 - » Rad ki trete ap rete pwoteje aprè plizyè lavaj. Gade enfòmasyon sou pwodwi a pou konnen konbyen tan pwoteksyon an ap dire.
 - » Si w ap trete bagay yo ou menm, swiv enstriksyon sou pwodwi yo avèk atansyon.
- PA mete pwodwi permethrin yo dirèkteman sou po ou. Yo la sèlman pou trete rad.



Pwoteksyon Pou Anndan Kay

- Rete kote ki gen èkondisyone oswa itilize twil yo nan fenèt avèk nan pòt pou kenbe moustik yo deyò.
- Dòmi anba yon moustikè si èkondisyone a oswa chanm ki gen twil yo pa disponib oswa si w ap dòmi deyò.



Pwodwi Pou Pouse Marengwen

Itilize pwodwi pou pouse marengwen ki anrejistre avèk Ajans Pwoteksyon Anviwònman (EPA) ki gen youn nan engredyan aktif sa yo: Le yo itilize kòm sadwa, pwodwi pou pouse marengwen yo san danje epi yo efikas pou fanm ki ansent epi k ap bay tete.

- Toujou swiv enstriksyon ki sou etikèt pwodwi a.
- Remete jan yo di w mete l la.
- Pa flite pwodwi pou pouse marengwen sou po ki anba rad la.
- Si w ap itilize tou pwodwi pou pwoteje kont solèy la, mete pwodwi pou pwoteje kont solèy la anvan ou aplike pwodwi pou pouse marengwen yo.

